



TEORI JEUNG PANGAJARAN KAPARIGELAN NULIS

Pendidikan dan Pelatihan Profesi Guru

Dr. Hj. Nunuy Nurjanah, M.Pd.

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA
2009**

DAFTAR EUSI

Kaca

I. TIORI NULIS

A. Harti Nulis

B. Fungsi Nulis

C. Guna Nulis

D. Rupa-Rupa Tulisan

E. Tahap-tahap Nulis

II. PANGAJARAN KAPARIGELAN NULIS

A. Bubuka

B. Pangajaran Kaparigelan Nulis

III. EVALUASI

DAFTAR PUSTAKA

BAB I

TIORI NULIS

Pangajaran basa ngawengku aspék ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Ngaregepkeun jeung maca mangrupa aspék pemahaman (réséptif aktif), ari nyarita jeung nulis mangrupa aspék ngagunakeun (produktif aktif).

Eta komponén basa nu opat téh kudu diajarkeun kalawan saimbang. Malah bakal leuwih hadé lamun dina prakna pangajaran téh gumulung ngahiji.

Upamana: ngaregepkeun - nyarita - maca - nulis

Atawa : nulis-nyarita-maca-ngaregepkeun

Satuluyna, dina ieu tulisan ngan dipedar pangajaran nulis anu wincikannana saperti kieu. Dina bagian kahiji dipedar lima hal: (1) harti nulis, (2) fungsi nulis, (3) tujuan nulis, (4) rupa-rupa tulisan, jeung (5) tahap-tahap nulis. Dina bagian kadua dipedar (1) pangajaran nulis jeung (2) model pangajaranana.

A. Harti Nulis

Nulis mangrupa kamampuh makéna basa dina wangun tinulis. Tina ieu wangenan ébréh yén nulis téh mangrupa kagiatan produktif aktif.

Nurutkeun Kamus LBSS (1985: 50), nulis nya éta nyieun aksara atawa angka dina keretas jst, ku parantina. Eta definisi luyu jeung pamadegan Tarigan (1983:21) yén nulis téh mangrupa kagiatan ngagambarkeun lambang-lambang grafik dina wangun basa nu pikahartieun.

B. Fungsi Nulis

Nulis mangrupa salah sahiji kagiatan produktif aktif, atawa bisa ogé disebutkeun yén nulis téh mangrupa kagiatan ngébréhkeun eusi haté jeung pikiran ka nu séjén ku basa tinulis. Dina kaparigelan ieu, fungsi utamana nya éta pikeun alat komunikasi anu henteu langsung.

Kagiatan nulis téh kacida pisan pentingna pikeun dunya atikan mah, sabab ku nulis bisa mantuan siswa mikir kritis, bisa ngagampangkeun matalikeun hubungan-hubungan, bisa nimbulkeun ayana daya persépsi nu jero, bisa

ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, sarta bisa nyusun runtuyan pangalaman. Tulisan bisa ngajéntrékeun pamikiran-pamikiran nu aya dina diri nu nulis.

C. Gunana Nulis

Rupa-rupa kauntungan bisa nulis téh:

- 1) nu nulis bisa nyaho kana kamampuh nulisna sorangan;
- 2) nu nulis bisa mekarkeun gagasan-gagasanana;
- 3) nu nulis kalatih dina néangan informasi; nu nulis bisa ngajelaskeun masalah-masalah nu tacan jéntré; bisa ngajén kana pamanggih atawa pamadegan jalma séjén kalawan objéktif;
- 4) nu nulis bakal leuwih gampang ngungkulan masalahna lantaran geus nembrak (ditulis);
- 5) nu nulis bakal kadorong pikeun diajar leuwih aktif-kréatif;
- 6) nu nulis bakal kalatih dina mikir kritis bari ngagunakeun basa anu puguh éntép seureuhna.

D. Rupa-rupa Tulisan

Nurutkeun eusina tulisan téh dibagi jadi opat rupa: (1) narasi, (2) déskripsi, (3) éksposisi, jeung (4) arguméntasi.

(1) Narasi

Narasi nya éta tulisan atawa karangan anu eusina ngébréhkeun lumangsungna kajadian, boh nyata, boh rékaan. Contona: dongéng, novel, carita pondok, biografi, skétsa, jsté.

(2) Déskripsi

Déskripsi nya éta tulisan atawa karangan anu eusina ngadadarkeun atawa ngébréhkeun kagiatan indra (paningal, pangrungu, pangrasa, panyabak, pangambeu) minangka hasil pangalamanana. Karangan déskripsi ngagambarkeun objék kalawan jéntré.

(3) Eksposisi

Eksposisi nya éta tulisan atawa karangan anu eusina ngajéntrékeun atawa nerangkeun hiji objék, kumaha prosésna. Tujuanana pikeun ngajembaran pangaweruh hiji jalma.

(4) *Arguméntasi*

Arguméntasi nya éta tulisan atawa karangan anu eusina ngajéntrékeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan nu kuat nepi ka nu lian/nu maca yakin tur percaya kana éta pamadegan.

E. Tahap-tahap Nulis

Tahap nulis téh aya dua. Kahiji, tahap nandeskeun idé. Kadua, tahap nuliskeun idé.

a. Tahap Nandeskeun Idé

Dina ieu tahap aya lima léngkah anu kudu digarap.

1) *Milih topik*

Topik nya éta bahan picariteun, jejer atawa bahan tuliskeuneun.

2) *Nangtukeun topik nu spésipik*

Supaya topik nu dipilih ulah lega teuing ambahanana. Aya sawatara cara anu bisa dipaké. Eta cara téh bisa disingget jadi *PUSAT-B*.

P (ungsi), ngan dicaritakeun fungsina;

U (ntung rugina), ngan dicaritakeun untung rugina, hadé goréngna;

S (ajarah), ngan dicaritakeun sajarah, asal usul riwayat, kasang tukang, sabab musababna wungkul;

A (ya), ngan dicaritakeun kaayaanana, faktana wungkul;

T(ipe), ngan dicaritakeun tipena wungkul;

B (ener henteuna), ngan dicaritakeun bener henteuna wungkul.

3) *Nangtukeun tujuan jeung wangun karangan*

Tujuan ngarang téh aya tilu rupa:

(1) méré informasi ka nu maca;

(2) ngahudang rasa ka nu maca;

(3) méré nyaho jeung pikeun ngahudang rasa ka nu maca.

Lamun tujuan ngarang pikeun ngahudang rasa ka nu maca nu cocog téh upamana wae éséy, ulasan, laporan, jsté. Upama tujuanana ngahudang rasa,

wangun karanganana bisa carpon, sajak, novel, jsté. Tapi, lamun tujuanana campuran, wangun karangan nu cocog bisa biografi atawa otobiografi.

4) *Nangtukeun pamarekan (approach)*

Dina nulis bisa digunakeun pamarekan faktual atawa pamarekan imajinatif atawa bisa baé campuran faktual-imajinatif.

5) *Nyieun rangkay karangan*

Rangkay karangan nu umum ngawengku bubuka, eusi, jeung panutup.

b. Tahap nuliskeun idé

Aya opat hal nu kudu dipilampah dina tahap nuliskeun idé.

(1) Kudu bisa ngamimitian nulis

Aya pituduh pikeun ngagampangkeun ngamimitian nulis. Eta pituduh téh disingget jadi *TOP KUAT*:

T (ésis) ; mimiti nulis ku cara ngébréhkeun tésis, pamanggih;

O (mongan); mimiti nulis dibuka ku omongan, dialog, paguneman;

P (aripolah); mimiti nulis dibuka ku paripolah, tingkah laku, *action*.;

K (uriositas); mimiti nulis nyodorkeun hal-hal anu matak ngahudang kapanasaran;

U (ngkapan); mimiti nulis ku ngébréhkeun ungkapan, babasan, atawa paribasa;

A (nékdot); mimiti nulis ku cara ngébréhkeun anékdote, kutipan pangalaman;

T (anya), mimiti nulis ku cara nyodorkeun pertanyaan.

(2) Nu nulis kudu mahér ngawangun paragraf

Paragraf mangrupa wangun basa nu leuwih lega batan kalimah. Ku kituna, biasana paragraf diwangun ku sawatara kalimah. Kalimah-kalimah dina hiji paragraf kudu mangrupa beungkeutan anu gembleng, nu silih lengkepan enggoning medar poko pikiran.

(3) Nu nulis kudu parigel mungkas karangan

Sanggeus paragraf-paragraf bagian eusi disusun, nu nulis dipiharep mungkas karanganana. Aya sawatara cara mungkas karangan, di antarana: paragraf pamungkas mangrupa ringkesan idé-idé poko atawa argumén-argumén nu geus dipidangkeun dina paragraf pamungkas mangrupa ébréhan harepan pangarang, paragraf pamungkas mangrupa klimaks (upama nu ditulis

mangrupa carita), paragraf pamungkas mangrupa kalimat anu ngébréhkeun yén éta pagawéan téh geus réngsé (dina karangan paparan).

.

(4) *Nu nulis tapis nyieun judul*

Judul mangrupa titél, labél, atawa ngaran karangan. Ku kituna, judul karangan téh kudu ngahudang kapanasaran ka nu maca. Lian ti éta, judul téh kudu singget tur écés deuih.

BAB II

PANGAJARAN KAPARIGELAN NULIS

A. Bubuka

Pangajaran basa, boh pangajaran basa indung, boh pangajaran basa Indonesia, boh pangajaran basa kosta, kudu nyumponan sawatara sarat sangkan pangajaran basa téh bisa ngahontal tujuanana. Sarat-sarat ieu ogé tangtu kudu diperhatikeun dina unggal pangajaran kamahéran basa kaasup pangajaran kaparigelan nulis. Éta sarat-sarat téh saperti ieu di handap.

- 1) Murid anu diajar basa kudu boga karep jeung motivasi diajar nu luhur.
- 2) Murid kudu mibanda harepan nu luhur pikeun ngahontal suksés.
- 3) Tujuan pangajaran basa kudu réalistis jeung kudu bisa dihontal ku murid.
- 4) Silabus kudu luyu jeung tujuan pangajaran katut harepan murid.
- 5) Situasi diajar kudu kondusif.
- 6) Waktu nu disayagikeun kudu dimangpaatkeun kalawan optimal.
- 7) Bahan pangajaran kudu ngarojong kahontalna tujuan pangajaran basa.
- 8) Guru basa kudu *qualified* jeung *terlatih*.
- 9) *Performance* 'kinerja' guru kudu profésional, boh dina waktu ngajar boh dina waktu ngabingung murid.

B. Pangajaran Nulis di Sakola Dasar

Upama dititénan, pangajaran nulis di SD téh geus dilaksanakeun di kelas I kénéh, tapi tingkatanana diluyukeun jeung kamampuh murid. Di handap ieu diébréhkeun Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar pangajaran nulis di sakola dasar.

Kelas	Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
I	1.4 Mampu menulis atau menyalin huruf lepas, suku kata (<i>engang</i>), dan kalimat sederhana	1.4.1 Menyalin huruf lepas 1.4.2 Menyalin suku kata 1.4.3 Menyalin kata dwisuku 1.4.4 Menyalin kata trisuku 1.4.5 Menyalin kalimat sederhana
II	2.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dengan menulis, menyusun, dan menyempurnakan kalimat, serta menyalin paragraf pendek	2.4.1 Menulis kalimat berhuruf kapital 2.4.2 Menulis/menyalin kalimat sederhana 2.4.3 Menyusun kalimat sederhana 2.4.4 Menyempurnakan kalimat dengan menggunakan tanda koma dan tanda titik 2.4.5 Menyalin paragraf pendek
III	3.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam menulis kalimat dan paragraf pendek	3.4.1 Menulis kalimat berita (<i>kalimah wawaran</i>) 3.4.2 Menulis kalimat luas (<i>kalimah jembar</i>) 3.4.3 Menulis kalimat tanya (<i>kalimah pananya</i>) 3.4.4 Menulis kalimat perintah (<i>kalimah paréntah</i>) 3.4.5 Menulis paragraf pendek dengan menggunakan ejaan
IV	4.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis melalui menulis pengumuman, pengalaman, narasi, deskripsi, dan eksposisi	4.4.1 Menulis pengumuman 4.4.2 Menulis pengalaman 4.4.3 Menulis narasi 4.4.4 Menulis deskripsi 4.4.5 Menulis eksposisi
V	5.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam menyusun paragraf, meringkas bacaan, menulis surat, narasi, deskripsi, dan eksposisi	5.4.1 Menyusun paragraf 5.4.2 Meringkas bacaan 5.4.3 Menulis surat 5.4.4 Menulis narasi 5.4.5 Menulis deskripsi 5.4.6 Menulis eksposisi
VI	6.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam mengisi formulir, melengkapi karangan, menulis kejadian, berita, riwayat hidup, dan pidato	6.4.1 Mengisi formulir 6.4.2 Melengkapi karangan 6.4.3 Menuliskan kejadian 6.4.4 Menuliskan berita 6.4.5 Menulis <i>riwayat hirup</i> 6.4.6 Menulis pidato (<i>biantara</i>)

Ieu di handap ditulis conto rarancang pangajaran nulis di SD.

CONTO 1

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN MODEL PANGAJARAN *CONTEXTUAL TEACHING LEARNING* (CTL) DINA NGAJARKEUN KAPARIGELAN NULIS

Satuan Pendidikan: SD/MI
Mata Pelajaran: Basa dan Sastra Sunda
Kelas/Semester: V/ 2
Alokasi Waktu: 2x 40 menit (2 pertemuan)

Standar Kompetensi:

5.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam menyusun paragraf, meringkas bacaan, menulis surat, narasi, deskripsi, dan eksposisi.

Kompetensi Dasar:

5.4.1 Menyusun paragraf
5.4.2 Meringkas bacaan
5.4.4. Menulis narasi
5.4.5 Menulis deskripsi

Indikator:

Setelah melakukan pembelajaran, siswa diharapkan mampu:

1. membuat ringkasan isi bacaan.
2. menceritakan kembali isi bacaan kepada temannya secara berpasangan dalam kelompok.
3. menulis karangan secara kolaboratif dalam kelompok sesuai dengan bentuk karangan yang dibacanya.

I. TUJUAN PEMBELAJARAN:

Siswa mampu menjawab pertanyaan tentang isi bacaan, membuat ringkasan isi bacaan, menceritakan kembali isi bacaan kepada temannya secara berpasangan dalam kelompok, dan menulis karangan secara kolaboratif dalam kelompok sesuai dengan bentuk karangan yang dibacanya.

II. MATERI AJAR:

Narasi, deskripsi, dongeng, jeung paguneman

III. DESAIN PEMBELAJARAN:

A. Model pembelajaran: CTL

B. Metode pembelajaran: diskusi kelompok, tanya jawab, *review*, dan penugasan.

III. KEGIATAN PEMBELAJARAN

No.	Kegiatan	Waktu
1.	Apersepsi <ul style="list-style-type: none"> - Guru menanyakan kembali pemahaman siswa tentang jenis-jenis karangan yang pernah dipelajarinya. - Guru meminta siswa memberikan contoh jenis-jenis karangan yang pernah dipelajarinya. 	10 menit
2.	Kegiatan inti <ul style="list-style-type: none"> - Guru membagi siswa ke dalam 4 kelompok. - Guru membagikan wacana kepada setiap kelompok (kelompok 1 wacana 1; kelompok 2 wacana 2; kelompok 3 wacana 3; dan kelompok 4 wacana 4) - Guru meminta setiap kelompok siswa untuk membuat paling sedikit 5 pertanyaan tentang isi wacana yang dibacanya serta kunci jawabannya. - Kelompok ganjil dan genap berpasang-pasangan untuk memceritakan wacana yang dibacanya. - Kelompok ganjil mengajukan pertanyaan ke kelompok genap dari soal-soal yang sudah dibuatnya. - Guru meminta setiap kelompok untuk kembali ke kelompoknya masing-masing dan menyuruh setiap kelompok menulis kolaboratif sesuai dengan model tulisan yang dibacanya sehingga terwujud empat karangan yang berbeda. 	50 menit
3.	Penutup <ul style="list-style-type: none"> - Siswa mempresentasikan tulisan kolaboratifnya di depan kelas. - Guru memberi klarifikasi bila ada pertanyaan yang belum terjawab dan atau hal-hal yang perlu diperbaiki dari tulisan siswa (melalui tanya jawab). - Secara individu, siswa diminta membuat refleksi (baik secara konseptual maupun pendapat) tentang kegiatan pembelajaran ini. 	20 menit

IV. MEDIA PEMBELAJARAN

- Buku pangajaran Basa Sunda
- Wacana 1. Masarakat Kampung Naga
 2. Mundinglaya Di Kusumah
 3. Kuda jeung Kaldé
 4. Lebaran di Lembur Aki

Wacana 1: Masyarakat Kampung Naga

Di Tasikmalaya di Désa Néglasari *Kacamatan* Salawu, aya hiji lembur *kacida nenggangna* ti lembur séjén. Eta *lembur* téh *katelahna* Kampung Naga.

Pernahna ti jalan gedé téh rada *anggang*, aya kana lima ratus méterna. Jalanna leutik, rada nanjak, *diséngkéd* deuih. Imah-imahna parentul, padeukeut. *Hateup* imahna tina injuk, *bilikna* tina awi, henteu ditémbok, da kabéhanana imah panggung. *Potongan* imahna sarua, suhunan panjang, capit gunting. Di luareun pager aya lisung, paranjé, jeung balong. Caina maké pancuran ngagolontor.

Urang Kampung Naga agamana Islam. Ka-Islamanana loba kapangaruhan ku *kabudayaan* jeung adat istiadat *titinggal* karuhun. Loba upacara adat jeung *pacaduan* anu sabenerna euweuh dina agama Islam mah.

Data sajarah Kampung Naga ditulis dina basa Sansekerta. Hanjakal pisan éta data sajarah téh *kiwari* mah geus leungit, kaduruk *waktu* bumi ageung diduruk ku gorombolan DI taun 1956. Bumi Ageung téh imah pusaka. Wangunanana leutik, paranti *nyimpen barang pusaka*, kayaning keris, tumbak, jeung parabot séjénna paranti upacara adat atawa agama. Eta bumi Ageung téh ditungguan ku *awéwé* umuran.

Di luar ogé aya imah deuih, paranti urang Naga *nganjrek*, anu bubuara di *wewengkon* séjén, disebutna warga Sanaga. Warga Sanaga leuwih maju batan warga Kampung Naga, sabab geus kapangaruhan ku kabudayaan *modérn* ti luar. Atuh teu saeutik anggota *warga* Sanaga anu geus jadi sarjana dina rupa-rupa widang paélmuan.

Wacana 2: MUNDINGLAYA DI KUSUMAH

Aya hiji nagara, katelahna Pajajaran. Nagara beunghar, sagala nyampak. Rahayatna hirup senang. Raja Pajajaran dina mangsa harita katelahna Prabu Siliwangi. Ari prameswarina nya éta Padmawati. Prabu Siliwangi téh raja anu adil. Ku rayatna dipihormat.

Sang prabu kagungan putra, jenenganana Mundinglaya di Kusumah, anu gagah tur sakti.

Padmawati ngimpén Lalayang Salaka Domas ti Jabaning langit. Eta impenan téh dicarioskeun ka Prabu Siliwangi. Sang Prabu énggal baé ngutus Mundinglaya supados angkat ka Jabaning Langit. Angkatna disarengan ku Gelap Nyawang sareng Kidang Pananjung.

Saméméh angkat ka Jabaning Langit, Mundinglaya sindang heula ka Muara Beres. Anjeunna nepangan piistrieunana nu jenengan Déwi Asri.

Lalayang Salaka Domas téh anu Curing Tujuh. Barang cunduk ka Jabaning Langit, atuh der baé perang. Mundinglaya dihurup ku Yaksa Mayuta, Jongrang Kalapitung, jeung Guriang Tujuh. Ahirna Mundinglaya unggul.

Mundinglaya mulang ti Jabaning Langit. Lalayang Salaka Domas disanggakeun ka ramana. Mundinglaya teras nikah ka Déwi Asri. Teu lami ti harita teras jeneng raja di Pajajaran, ngagentos ramana.

Wacana 3: KUDA JEUNG KALDE

Aya hiji sudagar kacida beungharna. Hiji mangsa manéhna indit ka hiji nagara, mawa kuda, kaldé, jeung barang daganganana. Dagangan anu sakitu lobana téh diakut ku kaldé. Ari kudu mah lengoh baé, teu dimomotan barang, sabab sudagar téh kacida nyaaheunana ka kuda mah. Atuh komo baé kaldé téh beurateun mundak dagangan.

Beuki jauh gandongan téh beuki beurat baé karasana ku kaldé. Kawuwuh kalde téh gering deuih bakat ku capé jeung beurat, pok kalde téh nyarita ka kuda. "Beurat teuing babawaan téh. Ieu tonggong asa peunggas. Tulungan atuh. Urang bagi dua baé mawa barang téh!," ceuk kaldé. "Kuring téh gering, lamun teu ditulungan mawa barang, tangtu kuring bakal leuwih ripuh teu kabawa." ceuk kaldé.

Ngadéngé paménta kaldé kitu, kuda téh kalah ka jejebris. Nolak paménta kaldé.

Kaldé téh ngahuleng. Sukuna ngageter. Bru nambru, hos paéh. Ku sabab kaldéna paéh, atuh muatan barang anu sakitu lobana téh dipindahkeun kana tonggong kuda, sakalian jeung bangké kaldé.

"Hina temen kalakuan aing," ceuk kuda, "ku sabab aing nolak paménta kaldé, ayeuna kapaksa barang dagangan jeung bangké kaldé diangkut dina tonggong aing." Beurat-beurat ogé kuda kapaksa narima kana kadar.

Wacana 4: LEBARAN DI LEMBUR AKI

Aman: "Aeh, aéh. Geuning Anis. Ti mana baé ari Anis, mani ngampleng, teu ulin-ulin ka dieu."

- Anis: "Haar! Ari Aman, Apan Anis téh kakara mulang ti Cicaléngka, ngadon lebaran di bumi Aki."
- Aman: "Méh baé poho. Minal Aidzin Walfaidzin, hampura Nis. Aman rumaos loba dosa. Sigana mah loba kénéh nya kakarén lebaranna téh?"
- Anis: "Sawangsulna, Anis ogé loba dosa ka Aman téh. Urang pada silih hampura baé, supaya bébas. Kakarén lebaran mah aya kénéh. Pamahanan Aki. Aya opak, ranginang, ulen, wajit, borondong, ampéang, awug, jeung bubuahan deuih."
- Amir: "Amir gé sami Nis, hampura nya."
- Anis: "Sami-sami. Urang silih lubarkeun baé ayeuna mah."
- Aman: "Sabaraha poé Anis di Cicaléngka téh?"
- Anis: "Teu lila, ngan tilu poé. Poéan kahiji mah teu kama- mana, da capé. Puasa kénéh deuih. Peuting takbiran mah ramé di masjid téh. Nu keur takbir raéng. Ka- daharan ngaleuyah. Dulag ngadurdur. Di buruan masjid barudak récét arulin. Dina poéan lebaran mah méh baé Anis téh kamerkaan, loba teuing barangdahar."
- Amir: "Di Bandung mah solat led téh di lapangan. Bada solat, terus bubar, baralik ka imahna masing-masing. Aya éta ogé anu silaturahmi jeung tatangga deukeut atawa jeung dulur anu dareukeut baé."
- Aman : "Hanjakal, mun urang milu ka Cicaléngka mah meu- reun resep.
- Anis : "Yu ka imah urang heula! Sakalian urang muru kakarén lebaran, da loba kénéh."


V. EVALUASI/PENILAIAN

- Portofolio hasil diskusi, baik secara kelompok maupun hasil refleksi individual.
- *Performance assessment* siswa khususnya untuk keterampilan berkomunikasi, mengungkapkan pendapat/gagasan, mengajukan pertanyaan, dan menjawab pertanyaan.

-Portofolio tulisan siswa, baik tulisan individu maupun tulisan kolaboratif dengan skala penilaian sebagai berikut.

Skala Penilaian Karangan

No.	Aspék nu Dipeunteun	Skor maksimum	Skor Siswa
1.	Eusi gagasan nu diébréhkeun	35	...
2.	Organisasi eusi	25	...
3.	Tata basa	20	...
4.	Gaya: pilihan struktur jeung kabeungharan kecap	15	...
5.	Ejahan	5	...
	JUMLAH	100	...

Conto 2**MODEL PANGAJARAN NULIS DI SD****Kelas V / Seméster 2****a. MATERI POKOK**

Kompetensi Dasar	Materi Pokok	Hasil Belajar	Indikator Pencapaian Hasil Belajar
5.4.5 Paragraf Déskripsi	Nulis Paragraf Déskripsi	Murid bisa nulis paragraf deskripsi	Murid bisa ngagambarkeun kajadian anu pikaresepeun dina catetan poéanana.

b. URAIAN

Mata Pelajaran	: Bahasa Daerah/Sunda
Satuan Pendidikan	: SD
Kelas/Semester	: V/2
Alokasi Waktu	: 2 jam pelajaran

Kompetensi Dasar	Paragraf déskripsi
Materi Pokok	Nulis paragraf déskripsi
Hasil Belajar	Murid bisa nulis paragraf déskripsi
Indikator Pencapaian Hasil Belajar	Murid bisa ngagambarkeun kajadian anu pikaresepeun dina catetan poéan.

LENGKAH PEMBELAJARAN

Apersepsi (5-10%)

- Guru nitah murid nitenan kaayaan kelas.
- Guru ngajukeun sababaraha pertanyaan anu bakal nungtun siswa nerangkeun/ ngagambarkeun kaayaan kelasna kalawan gemet.
 - (1) Sabaraha méter legana kelas?
 - (2) Kaasup lega atawa henteu éta rohangan kelas téh?
 - (3) Naon sababna disebut lega?
 - (4) Naon sababna disebut henteu lega (heurin)?
 - (5) Di mana ayana bor?
 - (6) Kumaha kaayaan bor?
 - (7) Naon deui nu aya di hareupeun kelas?
 - (8) Kumaha kaayaan di gigir kelas?
 - (9) Naha aya jandélaan?
 - (10) Bisa dibuka atawa henteu jandélana?
 - (11) Lamun henteu bisa dibuka, kumaha pangaruhna kana hawa di jero kelas?
 - (12) Kumaha kaayaan kelas di béh tukang?
 - (13) Aya naon baé di dinya téh?
 - (14) Kumaha kaayaan kelas di béh gigir hiji deui?

- (15) Di mana ayana panto?
- (16) Kumaha kaayaan kelas di béh tengah ?
- (17) Aya sababaraha méja tulis?
- (18) Aya sabaraha korsina (bangkuna)?
- (19) Naha hidep ngarasa genah diuk di tempat diuk hidep?
- (20) Naon sababna?
- (21) Kumaha kaayan lalangit kelas?
- Murid sacara bagilir ngagambarkeun kaayaan kelasna dumasar kana pertanyaan-pertanyaan guru.
 - Kalayan dibingbing ku guru murid dititah nyindekkeun kaayaan kelas dumasar gambaran-gambaran murid kana pertanyaan-pertanyaan guru tadi. (Upamana , kacindekanana téh kaayaan kelas pikabetaheun).
 - Eta kacindekan téh dijadikeun kalimah topik.

<p style="text-align: center;">Kaayaan kelas pikabetaheun.</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>

- Eta kalimah topik tuluy dimekarkeun ku kalimah-kalimah pangjéntré anu dicokot tina katerangan-katerangan dumasar kana pertanyaan-pertanyaan anu diajukeun ku guru.

Eksplorasi (25-30%)

- Murid ditawarkan milih topik karangan déskripsi (bisa ngagambarkeun tempat nu aya di sabudeureun sakola).
- Murid milih puseur paniténna dumasar kana hal nu dipikaresep ku manéhna.

- Sanggeus nangtukeun topik karangan (upamana, ngeunaan kaayaan perpustakaan sakola), murid ngajukeun sababaraha pertanyaan. Upamana saperti kieu:
 - (1) Sabaraha méter ukuran perpustakaan sakola ?
 - (2) Kumaha kaayaan tempat macana ?
 - (3) Kumaha babandingan kaayaan tempat maca jeung lobana murid éta sakola ?
 - (4) Kumaha kaayaan bukuna ?
 - (5) Kumaha kaayaan lalangitna ?

- Murid ngajawab lima pertanyaan anu dijieunna. Upamana jawaban murid saperti kieu :
 - (1) Ukuran perpustakaan sakola 3x3 méter.
 - (2) Tempat maca aya opat méja jeung dalapan korsi.
 - (3) Babandingan korsi tempat maca jeung lobana siswa nya éta 8 : 1500.
 - (4) Bukuna saeutik pisan.
 - (5) Lalangitna dahdiran -- urut hujan.

- Murid nyindekkeun kaayaan perpustakaan dumasar kana katerangan anu kapanggih. Upamana, kacindekanana kaayaan perpustakaan sakola kuring pikawatireun).

Konsolidasi Pembelajaran (35-40%)

- Murid nuliskeun éta kacindekan jadi kalimah topik anu ditempatkeun di awal paragraf.

Perpustakaan sakola kuring pikawatireun.

.....

.....

.....

.....


.....

.....

- Murid nuluykeun nyusun paragraf dumasar kana jawaban-jawaban tina lima pertanyaan nu dijieunna. Unggal pertanyaan dijawab paling saeutik ku hiji jawaban (saperti tadi) atawa bisa leuwih. Ieu jawaban téh dijadikeun kalimah-kalimah pangjéntré anu ngarojong kalimah topik.

Upamana,

PERPUSTAKAAN SAKOLA KURING



Perpustakaan sakola kuring pikawatireun. Rék teu pikawatireun kumaha geura urang tingali hiji-hiji. Ukuran rohangan leutik pisan, kira-kira 3x3 méter pasagi. Tempat macana

ngan aya sajarah nya éta opat méja jeung dalapan korsi. Padahal jumlah murid sakola kuring téh pan aya kana 1500 murid. Ditingali jumlah bukuna ogé nya kitu. Nyurug cupu jeung kaayaan tempatna. Tempatna heurin; bukuna ogé saeutik. Matak pantes lamun buku aya nu nginjeum ku murid sakelas ogé, ah da mani coréncang. Lamun dagang tea mah meureun geus moal aya nu ngalieuk-ngalieuk acan pikeun meuli dagangan nu aya di jero warung. Ningali lalangitna, aduh mani geregeteun matak hayang las mulas. Dahdir cai urut iris meureun can kaburu dipulas deui. Teuing sabaraha taun sakali perpustakaan sakola kuring dipulasna teh. Eta ogé€ pulas anu tadina bodas ayeuna katingalina téh geus semu konéng bari jeung semu hawuk. Memang henteu ari bocor mah. Hal ieu katingali tina buku nu aya di jero perpustakaan teu katingali baraseuh, atawa dahdiran jiga dina lalangit. Tah kitu kaayaan perpustakaan sakola kuring téh.

Pembentukan Sikap jeung Prilaku (10%)

- Murid dilatih nyieun pertanyaan tina unggal objék saméméh nulis karangan. Upamana,

LENGAH-LENGAH NGARANG

Pertanyaan pokok : “ **Kumaha kaayaan buruan sakola téh ?**”

Eta pertanyaan pokok terus dijawab. Jawabanna jadi kalimah topik.

Jawabanana upamana, “**Buruan sakola kuring pikabetaheun.**”

Pertanyaan tambahan (anu ngajelaskeun/mangrupa séké sélér tina pertanyaan pokok tadi).

- 1) Sabaraha ukuran kebon sakola?
- 2) Kumaha kaayaan taneuhna?
- 3) Kumaha kaayaan kembangna?
- 4) Kumaha kaayaan caina?

5) Kumaha kaayaan legana éta kebon?

Jawaban tina ieu lima pertanyaan tambahan bakal dijadikeun lima kalimah pangjentre dina paragraf. Ahirna, ngajanggelek hiji paragraf déskripsi, upamana saperti ieu di handap.

KAAYAAN KEBON SAKOLA

Kebon sakola kuring pikabetaheun. Hal ieu bisa dibuktikeun tina kaayaan taneuh, kembang, cai, jeung legana kebon. Taneuhna éstu mani subur. Atuda teu rék subur kumaha, Mang Haris mah ampir unggal poé ngoyosan kebonna téh. Resep basana téh. Kembangna ogé katingalina siga nu betaheun. Di tengah-tengah kebon aya tihang jangkung pisan. Eta tihang téh muter bari nyemprotkeun cai kana sakuriling kebon. Atuh salilana mani matak seger. Lamun diukur, éta kebon téh henteu pati béda jeung legana rohangan kelas mah.

- Waktu nulis, murid dibiasakeun merhatikeun tata cara nulis, saperti tata cara nuliskeun aksara gedé dina unggal ngamimitian nulis kalimah, tata cara ngagunakeun tanda baca, jeung saterusna.

Penilaian Formatif (10%)

- Latihan ngajukeun pertanyaan pokok.
- Latihan ngajawab pertanyaan pokok anu engkéna dijadikeun kalimah topik.
- Latihan ngajukeun lima pertanyaan tambahan anu ngarojong pertanyaan pokok.
- Latihan ngajawab lima pertanyaan tambahan anu engkéna dijadikeun kalimah-kalimah pangjéntré dina paragraf.
- Latihan nyusun paragraf déskripsi.

SARANA JEUNG SUMBER DIAJAR

Sarana Pembelajaran :

- | | |
|----------------|---|
| Alat Peraga | : Lingkungan sakola |
| Sumber Belajar | : Kaayaan tempat (rohang kelas, rohang perpustakaan, jeung kaayaan sabudeureun sakola). |

c. PENILAIAN

1. Tés Tertulis

- (1) Latihan nuliskeun pertanyaan poko.
- (2) Latihan nuliskeun lima pertanyaan tambahan anu ngarojong pertanyaan poko tadi.
- (3) Latihan ngajawab pertanyaan poko jeung lima pertanyaan tambahan.
- (4) Latihan nyieun paragraf déskripsi anu diwangun ku hiji kalimah topik (jawaban tina pertanyaan pokok) jeung lima kalimah pangjéntré.


Conto soal

- 1) Jieun hiji pertanyaan poko ngeunaan kaayaan hij patempatan.
- 2) Jieun lima pertanyaan tambahan anu ngarojong pertanyaan poko di luhur!
- 3) Jawab pertanyaan poko ku susunan kalimah anu lengkep.
- 4) Jawab lima pertanyaan tambahan ku susunan kalimah anu lengkep deuih.
- 5) Jawaban pertanyaan pokok jadikeun kalimah topik sarta jawaban limapertanyaan tambahan jadikeun lima kalimah pangjéntré! Susun éta jawaban nepi ka ngajanggélék hiji paragraf anu hadé tur bener !

2. Kinerja Pérformansi

Pérformansi anu dipiharep tina kinerja murid nya éta :

BAGAN NYIEUN KARANGAN



Murid dilatih sina nyieun paragraf déskripsi dina buku harianana. Paling saeutik sapoé saparagraf.

3. Portofolio

Guru ngadministrasi penilaian dumasar portofolio, nya éta nyatet jeung nganalisis kamekaran kamampuh kompeténsi murid dina diajar.

4. Skala Penilaian Karangan

No.	Aspek nu Dipeunteun	Skor maksimum	Skor Siswa
1.	Eusi gagasan nu diebrehkeun	35	...
2.	Organisasi eusi	25	...
3.	Tata basa	20	...
4.	Gaya: pilihan struktur jeung kabeungharan kecap	15	...
5.	Ejahan	5	...
	JUMLAH	100	...

III. EVALUASI

1. Terangkeun tahap-tahap anu dilakukeun ku nu nulis dina léngkah (1) ngantebkeun idé karangan jeung (2) ngébréhkeun idé karangan!
2. Naon bédana antara topik jeung téma karangan? Terangkeun!
5. Pasaratan naon baé anu kudu dicomponan dina pangajaran nulis? Jéntrékeun!
6. Tétélakeun lima aspék anu kudu diperhatikeun dina meunteun karangan!
7. Jieun hiji rarancang pangajaran nulis “pengumuman” pikeun kelas IV SD! Perhatikeun tata cara nyieun rarancang pangajaran (RPP)!

DAFTAR PUSTAKA

- Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. 2007. *Panduan Penyusunan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan*. Bandung: Disdik Provinsi Jawa Barat.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1995. *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra*. Yogyakarta: BPFE.
- Nurjanah, Nunuy. 2005. "Model pengajaran Nulis pikeun Guru SD jeung SLTP". Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FPBS UPI.
- Nurjanah, Nunuy & Yayat Sudaryat. 2009. *Bahan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda*. Dinas P dan K Propinsi Dati I Jawa Barat.